# नेपाल सरकार एवं नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (माओवादी)
# बीच भेल
# विस्तृत शान्ति सम्झौता

<u>नेपाल सरकार र नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (माओवादी)</u>
<u>बिच भएको</u>
<u>विस्तृत शान्ति सम्झौता</u>

राष्ट्रिय मानव अधिकार आयोग
मानव अधिकार आयोग ऐन, २०५३ अन्तर्गत स्थापित

## नेपाल सरकार एवं नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (माओवादी) बीच भेल
## विस्तृत शान्ति सम्झौता

**प्रस्तावना**

नेपाली जनताद्वारा २००७ साल पहिनहिसँ एखनधरि कएल गेल ऐतिहासिक संघर्ष आ जनआन्दोलनमार्फत् लोकतन्त्र, शान्ति तथा अग्रगमनक पक्षमे प्रकट भेल जनादेशक सम्मान करैत,

सात राजनीतिक दल एवं नेकपा (माओवादी) बीच सम्पन्न १२ बुँदे समझदारी, ८ बुँदे सहमती, नेपाल सरकार एवं नेकपा (माओवादी) बीच सम्पन्न २५ बुँदे आचारसंहिता, २०६३ साल कार्तिक २२ गतेक सात राजनीतिक दल एवं नेकपा (माओवादी) क शीर्ष नेतासभक बैठकक निर्णयलगायत नेपाल सरकार आ ने.क.पा. (माआवादी)बीच सम्पन्न सभ सम्झौता, सहमती, आचारसंहिता आ संयुक्त राष्ट्र संघकेँ प्रेषित समान धारणाक पत्राचारप्रति पूर्ण प्रतिबद्धताक पुनर्पुष्टि करैत,

देशमे विद्यमान वर्गीय, जातीय, क्षेत्रीय, लैंगिक समस्यासभक समाधानक लेल राज्यक अग्रगामी पुनर्संरचना करबाक संकल्प करैत,

प्रतिस्पर्धात्मक बहुदलीय लोकतान्त्रिक शासन व्यवस्था, नागरिक स्वतन्त्रता, मौलिक अधिकार, मानवअधिकार, पूर्ण प्रेस स्वतन्त्रता तथा कानुनी राज्यक अवधारणालगायत लोकतान्त्रिक मूल्य एवं मान्यताप्रतिक पूर्ण प्रतिबद्धताकेँ दोहरबैत,

मानव अधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्र, १९४८ तथा अन्तर्राष्ट्रिय मानवीय कानुन तथा मानव अधिकारसम्बन्धी आधारभूत सिद्धान्त तथा मान्यतासभ प्रति प्रतिबद्ध रहैत,

स्वतन्त्र, निष्पक्ष आ भयमुक्त वातावरणमे संविधानसभाक निर्वाचनमे सहभागी होएबाक नेपाली जनताक आधारभूत अधिकारक प्रत्याभूति करैत,

लोकतन्त्र, शान्ति, समृद्धि, अग्रगामी आर्थिक-सामाजिक परिवर्तन तथा देशक स्वतन्त्रता, अखण्डता, सावभौमिकता एवं स्वाभिमानकेँ केन्द्रमे रखैत,

२०६४ साल जेठ महिनाक भितर स्वतन्त्र आ निष्पक्ष रूपसँ संविधानसभाक निर्वाचन सम्पन्न करबाक प्रतिबद्धताकेँ कार्यान्वयन करबाक दृढता व्यक्त करैत,

संविधानसभामार्फत् नेपाली जनताक सार्वभौमसत्ताक सुनिश्चितता, अग्रगामी राजनीतिक निकास, राज्यक लोकतान्त्रिक पुनर्संरचना तथा आर्थिक-सामाजिक-सांस्कृतिक रूपान्तरणक हेतु दुनु पक्षबीच भेल राजनीतिक सहमतीक आधारमे देशमे

२०५२ सालसँ चलि आएल सशस्त्र द्वन्द्वकेँ अन्त कऽ शान्तिपूर्ण सहकार्यक नया अध्याय प्रारम्भ भेल घोषणा करैत,

नेपाल सरकार एवं नेकपा (माओवादी)क बीच भेल युद्धविरामकेँ दीर्घकालीन शान्तिमे परिणत करबाक प्रतिबद्धताक संग नेपाल सरकार एवं नेकपा (माओवादी) बीच ई विस्तृत शान्ति सम्झौता कएल गेल अछि।

१. प्रारम्भिक

१.१ एहि सम्झौताक नाम **'विस्तृत शान्ति सम्झौता, २०६३'**थिक। संक्षिप्तमे एहि सम्झौताकेँ शान्ति सम्झौता कहल जाएत।

१.२ ई सम्झौता सरकार पक्ष एवं माओवादी पक्षक सार्वजनिक घोषणामार्फत् आजुक तिथिसँ लागू हएत।

१.३ दुनु पक्ष अपन-अपन सम्पूर्ण निकायकेँ ई सम्झौताक तत्काल कार्यान्वयन आ पालना करबाक लेल आवश्यक निर्देशन जारी करत तथा कार्यान्वयन करत कराओत।

१.४ अनुसूचीमे संलग्न सात राजनीतिक दल, सरकार तथा माओवादी पक्षबीच भेल सम्पूर्ण सहमती, समझदारी, आचारसंहिता एवं निर्णयसभकेँ एहि सम्झौताक अभिन्न अंग मानल जाएत।

१.५ एहि सम्झौताकेँ कार्यान्वयन करबाक लेल आवश्कताअनुसार बादमे कएल जाएबला सहमती तथा सम्झौताकेँ सेहो एकर अंग मानल जाएत।

२. **परिभाषा** : विषय आ प्रसंगसँ दोसर अर्थ नहि लागए तँ एहि सम्झौतामे :

(क) **'युद्धविराम'**कहलासँ नेपाल सरकार तथा नेकपा (माओवादी) बीच एक दोसरकेँ लक्षित कऽ कएल जाएबला सभ प्रकारक आक्रमण, अपहरण, निपत्ता, थुनछेक (बान्हछेक), सशस्त्र वलक परिचालन, सुदृढीकरण, आक्रामक एवं हिंसात्मक कारवाही तथा कोनो माध्यमसँ समाजमे विध्वंश फैलेबाक, उत्तेजित करबाक एवं भडकेबाक क्रियाकलाप निषेध करबाक कार्यकेँ बुझल जाएत।

(ख) **'अन्तरिम संविधान'** कहलासँ संविधानसभाद्वारा नया संविधानक निर्माण भऽ लागू नहि भेलाधरि जारी कएल गेल **'नेपालक अन्तरिम संविधान २०६३'** बुझल जाएत।

(ग) **'अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्'** कहलासँ अन्तरिम संविधानअनुरूप गठन भेल **'अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्'** बुझल जाएत।

(घ) **'दुनु पक्ष'** कहलासँ नेपाल सरकार पक्ष आ नेपाल कम्युनिस्ट पार्टी (माओवादी) पक्षकेँ बुझल जाएत।

(ङ) **'प्रचलित कानुन'** कहलासँ नेपालक अन्तरिम संविधान २०६३ आ एहिसँ नहि बाझल प्रचलित नेपाल कानुनकेँ बुझल जाएत । मुदा ई परिभाषा अन्तरिम संविधान २०६३ जारी हेबा पूर्वक कानुनी व्यवस्थाकेँ बाधा नहि पहुँचाओत ।

(च) **'प्रमाणीकरण'** कहलासँ संयुक्त राष्ट्र संघद्वारा सेना, लडाकु आ हथियार प्रमाणीकरण कऽ यथार्थ लगत तयार करबाक विषयकेँ बुझल जाएत ।

## ३. राजनीतिक-आर्थिक-सामाजिक रूपान्तरण आ द्वन्द्व व्यवस्थापन :

दुनु पक्ष निम्नमोताबिकक राजनीतिक-आर्थिक-सामाजिक रूपान्तरणक नीति तथा कार्यक्रम अवलम्बन करबाक लेल आ देशमे विद्यमान द्वन्द्वकेँ सकारात्मक ढंगसँ व्यवस्थापन करबाक लेल सहमत अछि ।

३.१ २०६३ कार्तिक २२ गते भेल सात दल एवं नेकपा (माओवादी) क शीर्ष नेतासभक बैठकक निर्णयसभ (अनुसूची ६) क आधारमे देशमे अग्रगामी राजनीतिक, आर्थिक आ सामाजिक परिवर्तन सुनिश्चित करबाक लेल ।

३.२ अन्तरिम संविधानक आधारमे अन्तरिम व्यवस्थापिका -संसद गठन करबाक आ निष्पक्ष रूपमे संविधानसभाक निर्वाचन सम्पन्न करबाक तथा नेपाली जनतामे अन्तर्निहित सार्वभौमसत्ताक व्यावहारिक प्रत्याभूति करबाक लेल ।

३.३ देशक शासन व्यवस्थासम्बन्धी कोनो प्रकारक अधिकार राजामे नहि रहत । स्वर्गीय राजा वीरेन्द्र, रानी ऐश्वर्य एवं हुनकालोकनिक परिवारक सम्पत्ति नेपाल सरकारक मातहत कऽ ट्रष्ट बनाकऽ राष्ट्र हितमे प्रयोग करबा लेल । राजाक हैसियतसँ राजा ज्ञानेन्द्रकेँ प्राप्त भेल सभ सम्पत्ति (यथा- विभिन्न स्थानक दरबार, वन तथा निकुञ्ज, ऐतिहासिक आ पुरातात्विक महत्वक सम्पदा आदि) राष्ट्रियकरण करबा लेल । राजसंस्था कायम राखब या नहि राखब ताहि विषयमे संविधानसभाक पहिल बैठकद्वारा सामान्य बहुमतसँ निर्णय करबा लेल ।

३.४ विश्वव्यापी रूपमे स्वीकृत आधारभूत मानवअधिकार, बहुदलीय प्रतिस्पर्धात्मक लोकतान्त्रिक प्रणाली, जनतामे निहित सार्वभौमसत्ता आ जनताक सर्वोच्चता, संवैधानिक सन्तुलन आ नियन्त्रण, विधिक शासन, सामाजिक न्याय आ समानता, स्वतन्त्र न्यायपालिका, आवधिक निर्वाचन, नागरिक समाजक अनुगमन, पूर्ण प्रेस स्वतन्त्रता, जनताक सूचनाक अधिकार, राजनीतिक दलसभक क्रियाकलापसभमे पारदर्शिता आ जवावदेहिता, जनसहभागिता, निष्पक्ष, सक्षम तथा स्वच्छ प्रशासनतन्त्रक अवधारणासभक पूर्ण पालना करऽबला राजनीतिक प्रणाली अबलम्बन करबा लेल ।

३.५ वर्गीय, जातीय, भाषिक, लैंगिक, सांस्कृतिक, धार्मिक तथा क्षेत्रीय भेदभावकेँ

अन्त करैत महिला, दलित, आदिवासी, जनजाति, मधेशी, उत्पीडित, उपेक्षित एवं अल्पसंख्यक समुदाय, पिछड़ल क्षेत्रलगायतक समस्यासभकेँ सम्बोधन करबाक लेल राज्यक वर्तमान केन्द्रिकृत एवं एकात्मक ढाँचाकेँ अन्त कऽ राज्यक समावेशी, लोकतान्त्रिक एवं अग्रगामी पुनर्संरचना करबा लेल ।

३.६ सामन्तवादक समग्र स्वरूपकेँ अन्त करबाक लेल आर्थिक, सामाजिक रूपान्तरण, न्यूनतम साझा कार्यक्रम आपसी सहमतिसँ तय कऽ लागू करैत जएबा लेल ।

३.७ सामन्ती भूस्वामित्वक अन्त करैत वैज्ञानिक भूमिसुधार कार्यक्रम लागू करबाक नीति अवलम्बन करबा लेल ।

३.८ राष्ट्रिय उद्योगधन्धा एवं साधनस्रोतक संरक्षण आ प्रवर्द्धन करऽबला नीति अनुसरण करबा लेल ।

३.९ शिक्षा, स्वास्थ्य, आवास, रोजगारी एवं खाद्यसुरक्षामे सभ नागरिकक अधिकार स्थापित होबऽवला नीति लेबालेल ।

३.१० सुकुम्बासी, कमैया, हलिया, हरवाह चरवाह लगायतक आर्थिक सामाजिक रूपसँ पिछड़ल वर्गकेँ जमिनलगायत आर्थिक सामाजिक सुरक्षाक व्यवस्था करबाक नीति लेबा लेल ।

३.११ सरकारी लाभक पदमे रहि कऽ भ्रष्टाचार कऽ अकूत सम्पत्ति आर्जन केनिहारसभपर कड़ा कारबाही कऽ दण्डित करबाक नीति लेबा लेल ।

३.१२ देशक आर्थिक-सामाजिक रूपान्तरण एवं न्यायक सँगहि देशकेँ शीघ्र समुन्नत आ आर्थिक रूपमे समृद्धशाली बनेबाक लेल एकटा साझा विकास अवधारणा निर्माण करबा लेल ।

३.१३ श्रमिकसभक पेशागत अधिकारकेँ सुनिश्चित करैत उद्योगधन्धा, व्यापार, निर्यात प्रवर्द्धनक लेल लगानी वृद्धि कऽ रोजगारी एवं आय आर्जनक अवसरिसभक व्यापक वृद्धि करबाक नीति अनुसरण करबा लेल ।

**४. सेना आ हथियार व्यवस्थापन**

संविधानसभाक निर्वाचनकेँ शान्तिपूर्ण, निष्पक्ष आ भयरहित वातावरणमे सम्पन्न करबा लेल तथा सेनाक लोकतान्त्रीकरण एवं पुनर्संरचनाक हेतु विगतमे भेल १२ बुँदे समझदारी, ८ बुँदे सहमती, २५ बुँदे आचारसंहिता, संयुक्त राष्ट्र संघकेँ पठाओल ५ बुँदे पत्र आ कार्तिक २२ गते सम्पन्न शीर्ष नेतासभक बैठकक निर्णयअनुरूप निम्न काजसभ करब-

**माओवादी सेनाक सम्बन्धमे -**

४.१ २०६३ साल साओन २४ गते नेपाल सरकार तथा नेकपा (माओवादी)क तर्फसँ संयुक्त राष्ट्र संघकेँ पठाओल गेल पत्रमे व्यक्त प्रतिबद्धताक मोताबिक माओवादी सेनाक लडाकुसभ (Combatants) निम्न लिखित स्थानक

अस्थायी शिविर (Cantonments) मे सीमित रहत । संयुक्त राष्ट्र संघद्वारा ओकर प्रमाणीकरण एवं अनुगमन कएल जाएत ।

अस्थायी मुख्य शिविरसभ निम्न स्थानमे रहत :

१. कैलाली २. सुर्खेत ३. रोल्पा ४. नवलपरासी ५. चितवन ६. सिन्धुली ७. इलाम

मुख्य शिविरक आसपास ३/३ टाक हिसाबसँ सहायक शिविर रहत ।

४.२ माओवादी सेनाक लडाकुसभ शिविरमे रहलासन्ता शिविरक सुरक्षार्थ आवश्यक हाथहथियार आ गोलीगट्ठाक अतिरिक्त आन सम्पूर्ण हथियार शिविरमे सुरक्षित भण्डारण कऽ एकल ताला लगा कऽ चाभी सम्बन्धित पक्ष राखत । ताला लगेबाक प्रक्रियामे संयुक्त राष्ट्र संघक निगरानीक लेल ओकर रेकर्ड, साइरनसहितक संयन्त्र (Device) सम्मिलित कएल जायत । भण्डारण कएल गेल हथियारक आवश्यक जाँचबुझ संयुक्त राष्ट्र संघ सम्बन्धित पक्षक रोहबरमे करत । क्यामरा अनुगमनलगायत एहि विषयक अन्य विस्तृत प्राविधिक विवरण संयुक्त राष्ट्र संघ, नेकपा (माओवादी) आ नेपाल सरकारक सहमतिमे तयार कएल जाएत ।

४.३ माओवादी सेनाक लडाकुसभ अस्थायी शिविरमे बसिगेलाकबाद ओकरसभक रसदपानीलगायत आवश्यक व्यवस्था नेपाल सरकार करत ।

४.४ माओवादी सेनाक लडाकुसभक रेखदेख, समायोजन आ पुनर्स्थापना अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्द्वारा विशेष समिति बनाकऽ कएल जाएत ।

४.५ माओवादी नेतासभक सुरक्षाव्यवस्था सरकारसँगक सहमतिमे कएल जाएत ।

**नेपाली सेनाक सम्बन्धमे**

४.६ संयुक्त राष्ट्र संघकेँ प्रेषित पत्रमे व्यक्त प्रतिबद्धताअनुसार नेपाली सेना व्यारेकमे सीमित रहत । नेपाली सेनाक हथियार ककरो पक्ष या विपक्षमे प्रयोग नहि हेबाक प्रत्याभूति देल जाएत । माओवादी सेनाक तर्फसँ भण्डारण कएल गेल हथियारक बराबर संख्यामे नेपाली सेना सेहो अपन हथियारकेँ सुरक्षित भण्डारण करत आ एकल ताला लगाकऽ चाभी राखत । ताला लगेबाक प्रक्रियामे संयुक्त राष्ट्र संघक निगरानीक लेल ओकर रेकर्ड, साइरनसहितक संयन्त्र (Device) सम्मिलित कएल जाएत । भण्डारण कएल गेल हथियारक आवश्यक जाँचबुझ संयुक्त राष्ट्र संघ सम्बन्धित पक्षक रोहबरमे करत । क्यामरा अनुगमनलगायत एहि विषयक अन्य विस्तृत प्राविधिक विवरण संयुक्त राष्ट्र संघ, नेकपा (माओवादी) आ नेपाल सरकारक सहमतीमे तयार कएल जाएत ।

४.७ नेपाली सेनाक नियन्त्रण, परिचालन आ व्यवस्थापन नया सैनिक ऐन

मोताबिक मन्त्रिपरिषद् करत । अन्तरिम मंत्रीपरिषद् राजनीतिक सहमती तथा अन्तरिम व्यवस्थापिकाक सम्बन्धित समितिक सुझाव लऽकऽ नेपाली सेनाक लोकतान्त्रीकरणक विस्तृत कार्य योजनाक तर्जुमा आ कार्यान्वयन कएल जाएत । जाहिमे नेपाली सेनाक उपयुक्त संख्या, लोकतान्त्रिक संरचना, राष्ट्रिय आ समावेशी चरित्र निर्माण करैत लोकतन्त्र आ मानव अधिकारक मूल्यद्वारा सेनाकेँ प्रशिक्षित करबाक लगायत काजसभ कएल जाएत ।

४.८ नेपाली सेनाद्वारा होइत आएल सीमा सुरक्षा, आरक्ष, निकुञ्ज, बैंक, विमानस्थल, विद्युत गृह, टेलिफोन टावर, केन्द्रीय सचिवालय, विशिष्ट व्यक्तिसभक सुरक्षालगायतक काजकेँ निरन्तरता देल जाएत ।

## ५. युद्धविराम

### ५.१ सैन्य कारबाही आ सशस्त्र परिचालनक अन्त :

५.१.१ दुनु पक्ष निम्नमोताबिकक कार्य नहि करबाक प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि :

(क) प्रत्यक्ष या अप्रत्यक्षरूपमे एक दोसराक प्रति लक्षित कोनो प्रकारक हाथ-हथियारक प्रयोग या आक्रमण करबाक कार्य,

(ख) दुनु पक्षक सहमतीसँ हाथहथियार भण्डार कएलगेल स्थानमे हाथहथियारसहित या रहितरूपमे दोसर पक्षक हाथहथियार खानतलासी या बरामदि करबाक कार्य,

(ग) कोनो व्यक्तिकेँ नोकसान पहुँचेबाक या मानसिक दवाब पहुँचेबाक कार्य,

(घ) एक दोसरकेँ लक्षित कऽ एम्बुस (धराप) रखबाक कार्य,

(ङ) हत्या तथा हिंसात्मक कारवाहीसभ,

(च) अपहरण, पकडाव, थुनछेक (बान्हछेक), निपत्ता करबाक कार्य,

(छ) सार्वजनिक, निजी, सरकारी या सैनिक सम्पत्तिक नोक्सानी,

(ज) हवाई आक्रमण या कारवाही,

(झ) जमिनतर बारूद विछेबाक कार्य, (माइनिङ) आ विध्वँशात्मक कार्य (स्यावोटेज)

(ञ) एक दोसराक सैनिक गतिविधिक सुराकी करबाक कार्य,

५.१.२ दुनु पक्ष आओर सैन्य भर्ती नहि करत आ हाथहथियार, गोलीगट्ठा तथा बिस्फोटक पदार्थ एक ठामसँ दोसर ठाम लऽ जएबाक आ एक दोसराक विरुद्ध सैनिक हरकत नहि करत ।

मुदा, अन्तर्राष्ट्रिय सीमा आ भन्सार विन्दुमे हाथहथियार, विस्फोटक पदार्थ या ओकर अंश या कच्चा पदार्थजेहन सामानसभ गैरकानुनी रूपमे लऽ जएबाक कार्य रोकबाक सम्बन्धमे अन्तरिम सरकार सुरक्षा निकाय परिचालन कऽ गस्ती करब, खानतलासी करब या बरामदिक कार्य कऽ सकैत अछि ।

५.१.३ कोनो व्यक्ति या समूह अवैध हाथहथियार, गोलीगट्ठा या बिस्फोटक पदार्थ सँगमे लऽ आवतजावत नहि करत ।

५.१.४. दुनु पक्ष युद्धक समयमे प्रयोग कएलगेल एम्बुस (धराप) तथा बारूदी सुरगं सभक रेखाकंन, भण्डारण ३० दिनक भितर एक दोसराकेँ जानकारी करेबालेल आ ६० दिनक भितर निस्क्रिय आ निर्मूल करबाक लेल एक दोसरकेँ सहयोग करत ।

५.१.५ कोनो नागरिक सभा या राजनैतिक सभा या सार्वजनिक कार्यक्रममे दुनु पक्षक सेना हथियार या कम्ब्याट पोशाकसहित उपस्थित नहि हएत ।

५.१.६ नेपाल प्रहरी आ सशस्त्र प्रहरी जनआन्दोलन आ शान्ति सम्झौताक मर्म आ भावनाअनुरूप तथा प्रचलित कानुनमोताबिक कानुन व्यवस्था आ शान्ति सुव्यवस्था एवं अपराध अनुसन्धानक कार्य चालू राखत ।

५.१.७ एक पक्षक सशस्त्र व्यक्ति दोसर पक्षक सशस्त्र व्यक्तिकेँ “शत्रु” कहि सम्बोधन करबाक आ व्यवहार करबाक कार्यकेँ रोक लगेबालेल अपन-अपन सशस्त्र निकाय आ व्यक्तिकेँ परिपत्र करत ।

**५.२ स्थिति सामान्यीकरणक उपायसभ :**

५.२.२ अपन कब्जामे रहल लोकसभक बारेमे जानकारी सार्वजनिक कऽ १५दिनक भितर सभकेँ मुक्त करबालेल दुनु पक्ष मञ्जुर अछि ।

५.२.३ दुनु पक्षद्वारा निपत्ता कएलगेल व्यक्तिसभ तथा युद्धक समयमे मारलगेल सभक वास्तविक नाम, थर आ घरक पत्ता सम्झौता भेला तिथिक ६० दिनक भितर सूचनासभ सार्वजनिक कऽ परिवारजनकेँ समेत जानकारी उपलब्ध करेबाक लेल मञ्जुर अछि ।

५.२.४ दुनु पक्ष सशस्त्र द्वन्द्वसँ उत्पन्न विषम परिस्थितिकेँ सामन्यीकरण करैत समाजमे शान्ति कायम करेबालेल तथा युद्धसँ पीडित आ विस्थापित व्यक्तिसभक लेल राहत कार्य आ पुर्नस्थापन करेबालेल राष्ट्रिय शान्ति तथा पुर्नस्थापना आयोग गठन कऽ ताहिमार्फत एहिसम्बन्धी काज आगाँ बढेबालेल सहमत अछि ।

५.२.५ दुनु पक्ष सशस्त्र द्वन्द्वक क्रममे मानवअधिकारक गम्भीर उल्लंघन तथा मनवताविरुद्धक अपराधमे संलग्न सभक बारेमे सत्य अन्वेषण करबालेल आ समाजमे मेलमिलापक वातावरण निर्माण करबालेल आपसी सहमतीसँ उच्चस्तरीय सत्य निरूपण तथा मेलमिलाप आयोगक गठनहेतु सहमत अछि ।

५.२.६ दुनु पक्ष नेपाली समाजमे लोकतन्त्र, शान्ति आ अग्रगामी परिवर्तन सुनिश्चित करबाक प्रतिवद्वताक सँगहि देशमे विद्यमान सभ स्वरूपक युद्ध, आक्रमण, प्रत्याक्रमण, हिंसा आ प्रतिहिंसा परित्याग करबाक प्रतिज्ञा करैत अछि । शान्ति

स्थापना आ शान्ति सुरक्षाक व्यवस्थामे दुनु पक्ष एक दोसरकेँ सहयोग करबाक बातमे सहमत अछि ।

५.२.७ दुनु पक्ष विभिन्न व्यक्तिसभकेँ राजनीतिक कारणसँ लगाओल गेल आरोप, दावी, उजुरी आ विचाराधीन रहल मुद्दा मामिला फिर्ता लेबालेल आ थुनामे (बन्दी बना) राखल बन्दीसभक स्थिति तत्काल सार्वजनिक कऽ तुरत्त रिहा करबाक गारन्टी करैत अछि ।

५.२.८ दुनु पक्ष सशस्त्र द्वन्द्वक क्रममे विस्थापित व्यक्तिसभकेँ राजनीतिक पूर्वाग्रहबिना स्वेच्छासँ अपन-अपन पैतृक या पुर्ववासस्थानमे घुरि कऽ आबऽ देबाकलेल, युद्धक कारणसँ नष्ट भेल पूर्वाधारसभक पुनर्निर्माण करबाकलेल आ विस्थापित व्यक्तिसभकेँ ससम्मान पुर्नस्थापना तथा सामाजीकरण करबाकलेल प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि ।

५.२.९ उपर्युक्त सन्दर्भमे उत्पन्न समस्यासभ आपसी सहमतिक आधारमे समाधान करबालेल एवं आपसी सम्बन्ध सामान्यीकरण तथा मेलमिलाप करबाहेतु अनुकुल वातावरण श्रृजना करबाक कार्यमे सब राजनीतिक दलसभ, नागरिक समाज आ स्थानीय संघसंस्थासभ समेतक सहयोगसँ व्यक्तिगत तथा सामूहिक रूपमे उत्तरदायित्व लऽ कार्यान्वयन करबा-करेबाहेतु दुनु पक्ष सहमत अछि ।

५.२.१० दुनु पक्ष परिवारक कोनो सदस्य एक दोसर पक्षसँ सम्बद्ध भेलहा आधारमे परिवारक अन्य सदस्यसभक उपर कोनो तरहक विभेद नहि करबाक आ कोनो दवाव नहि देबाक प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि ।

५.२.११. नेपाल सरकार तथा सार्वजनिक निकायक कर्मचारीसभकेँ देशक कोनो भागमे स्वतन्त्र रूपमे आवतजावत करबालेल, अपन कर्तव्य पालन करबालेल तथा अपन कार्य सम्पादनक क्रममे ओकरासभकेँ कोनो प्रकारक बाधा अवरोध ठाढ़ नहि करबालेल आ ओहन अवरोध ठाढ़ नहि होबऽ देबालेल तथा ओकरासभक काजमे सहयोग करबाहेतु दुनु पक्ष सहमत अछि ।

५.२.१२. संयुक्त राष्ट्रसंघ, अन्तर्राष्ट्रिय दातृ समुदायलगायत नेपालस्थित कूटनैतिक नियोग, राष्ट्रिय या अन्तर्राष्ट्रिय गैरसरकारी संस्था, प्रेस, मानव अधिकारवादीसभ, निर्वाचन पर्यवेक्षक तथा विदेशी पर्यटकसभकेँ नेपाल राज्यक भितर कानुनअनुसार निर्वाध आवतजावत करऽ देबाक बातमे दुनु पक्ष सहमत अछि ।

५.२.१३. दुनु पक्ष प्रचारप्रसारक कार्यक्रमसभ शिष्ट आ मर्यादित ढंगसँ सञ्चालन करबालेल प्रतिबद्ध अछि ।

## ६. युद्ध समाप्ति

६.१ २०६३ कात्तिक २२ गते सात राजनीतिक दल आ नेकपा (माओवादी) बीच

सम्पन्न ऐतिहासिक सहमतिक आधारमे सरकार माओवादीबीच चालु युद्धविरामकेँ स्थायी रूप दैत २०५२ सालसँ जारी सशस्त्र युद्ध समाप्त होएबाक घोषणा करैत छी ।

६.२ सात दल आ नेकपा (माओवादी)क शीर्ष नेतासभक २०६२ कात्तिक २२ गतेक बैठकसँ भेल निर्णयसभ दीर्घकालीन शान्तिहेतु मूल नीतिगत आधार हएत ।

६.३ नेपाली सेना व्यारेकमे आ माओवादी सेनाक लडाकुसभ अस्थायी शिविरमे अएलाबाद सहमती, सम्झौता आ कानुनप्रतिकूल हथियार राखब, प्रदर्शन, डरत्रास आ कोनो रूपमे हिंसा आ हथियारक प्रयोग करब कानुनतः दण्डनीय हएत ।

६.४ दुनु पक्षक सेना कोनो पक्ष या विपक्षमे प्रचार प्रसार नहि करत आ पक्ष विपक्षमे नहि लागत, मुदा ओकरासभकेँ मताधिकारसँ वञ्चित नहि कएल जाएत ।

**७. मानवअधिकार, मौलिक अधिकार र आ मानवीय कानुनक परिपालना**

मानव अधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्र, १९४८ तथा अन्तर्राष्ट्रिय मानवीय कानुन आ मानव अधिकारसम्बन्धी आधारभूत सिद्धान्त आ मान्यतासभक प्रति प्रतिबद्ध रहैत दुनु पक्ष निम्नानुसारक विषयसभमे अपन सहमती जनऽबैत अछि ।

**७.१ मानव अधिकार :**

७.१.१ दुनु पक्ष मानव अधिकारक प्रति सम्मान आ संरक्षण तथा अन्तर्राष्ट्रिय मानवीय कानुनप्रतिक प्रतिबद्धताक पुनः पुष्टि करैत अछि आ कोनो व्यक्तिपर वर्ण, लिंग, भाषा, धर्म, उमेर, जाति, राष्ट्रिय या सामाजिक उत्पत्ति, सम्पत्ति, अपागंता, जन्म आ अन्य हैसियत, विचार या आस्थाक आधारपर भेदभाव नहि होएबाक चाही ताहि बातकेँ स्वीकार करैत अछि ।

७.१.२ दुनु पक्ष नेपाली जनताकेँ नागरिक, राजनैतिक, आर्थिक, सामाजिक आ सांस्कृतिक अधिकारक उपभोग करबाक वातावरणक सिर्जना करबाकहेतु सहमत अछि आ भविष्यमे कोनो अवस्थामे ई अधिकार हनन् नहि हएबाक वातावरण बनेबाहेतु प्रतिबद्ध अछि ।

७.१.३ दुनु पक्ष सम्झौतापत्रमे उल्लेख भेल अधिकारक उपभोगमे वाधा पहुँचाबऽबला जिम्मेदार व्यक्तिसभपर कानुनअनुसार निष्पक्ष छानबिन तथा कारवाही करबाक प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि आ दण्डहिनताकेँ प्रश्रय नहि देबाक सुनिश्चितता प्रदान करैत अछि । एकरासंगहि द्वन्द्व आ यातना पीडित तथा निपत्ता कएलगेलसभक परिवारकेँ राहत पएबाक अधिकारकेँ सेहो सुनश्चित करैत अछि ।

७.१.४ दुनु पक्ष सर्वसाधारणकेँ यातना देब, अपहरण करब, जवरजस्ती कोनो काजमे लगेबाक काज नहि करत आ ओहन कार्यकेँ निरूत्साहित करबालेल आवश्यक कारबाही सेहो करत ।

७.१.५ दुनु पक्ष धर्म निरपेक्षताक मूल्य मान्यताक आधारपर कोनो सामाजिक, सांस्कृतिक, धार्मिक, संवेदनशीलता, धार्मिक स्थल आ व्यक्तिगत धार्मिक आस्थाक सम्मान करत ।

## ७.२ जीवाक अधिकार

७.२.१ दुनु पक्ष व्यक्तिक जीवाक आधारभूत अधिकारक सम्मान आ संरक्षण करैत अछि । एहि अधिकारसँ ककरो बञ्चित नहि कएल जाएत आ मृत्युदण्ड देल जएबाक दृष्टिएँ कोनो कानुन नहि बनाओल जाएत ।

## ७.३ वैयक्तिक मर्यादा स्वतन्त्रता आ आवतजावतक अधिकार

७.३.१ दुनु पक्ष वैयक्तिक मर्यादाक अधिकारक सम्मान आ रक्षा करैत अछि । एहि सिलसिलामे कानुनमोताबिक स्वतन्त्रताक उपभोग करऽसँ वञ्चित व्यक्ति लगायत केओ यातना या अन्य क्रूर, अमानवीय या अपमानजनक व्यवहार या सजायक पात्र नहि बनत । कानुनतः नागरिकक गोपनियताक अधिकारकेँ सम्मान कएल जाएत ।

७.३.२ दुनु पक्ष व्यक्तिक स्वतन्त्रता आ सुरक्षाक अधिकारक पूर्ण सम्मान करैत ककरो स्वेच्छाचारी या गैरकानुनी थुना (बन्दी बना कऽ रारवब)मे राखब, अपहरण करब या बन्धक बनेबाक काज नहि करत । दुनु पक्ष निपत्ता बनाओल गेल आ कब्जामे राखल गेल प्रत्येक व्यक्तिक अवस्था सार्वजनिक करब आ ओकरासभक परिवारजन, कानुनी सल्लाहकार आ अन्य आधिकारिक व्यक्तिकेँ एहिसँ सम्बन्धित जानकारी देबाक लेल सहमत अछि ।

७.३.३ दुनु पक्ष प्रत्येक नागरिकक स्वतन्त्रतापूर्वक आवतजावत कऽ पएबाक अधिकार तथा अपन बसोवासक स्थान कानुनी मर्यादामे रहि चयन कऽ पएबाक स्वतन्त्रताक सम्मान तथा संरक्षण करैत द्वन्द्वसँ विस्थापित भेल व्यक्ति आ ओकरासभक परिवार अपन मूल वासस्थानमे घुरि अएबाक या ओकरासभक इच्छामोताबिक अन्य कोनो ठाममे बसोबास कऽ सकबाक अधिकारक सम्मान करबाक प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि ।

## ७.४ नागरिक तथा राजनीतिक अधिकार

७.४.१ दुनु पक्ष प्रत्येक व्यक्तिक विचार, अभिव्यक्ति, संघसंस्था खोलबाक तथा शान्तिपूर्वक एकत्रित हेबाक स्वतन्त्रता तथा शोषणविरुद्धक हकक सम्मान आ संरक्षण करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि ।

७.४.२ दुनु पक्ष प्रत्येक नागरिककेँ प्रत्यक्ष या अपनाद्वारा निर्दिष्ट प्रतिनिधिमार्फत

सार्वजनिक सरोकारक विषयमे हिस्सा लेबाक, मतदान करबाक, निर्वाचित हेबाक आ सार्वजनिक सेवामे प्रवेशक समानताक अधिकारक सम्मान करैत अछि ।

७.४३ दुनु पक्ष व्यक्तिक सुसूचित हेबाक अधिकारक सम्मान करबालेल प्रतिबद्ध अछि ।

**७.५ आर्थिक सामाजिक अधिकार**

७.५.१ स्वतन्त्ररूपसँ चयन कएल गेल या स्वीकार कएल गेल रोजगारी क८ जीवनयापन करबाक व्यक्तिक अधिकारक सम्मान तथा संरक्षण करबाक लेल दुनु पक्ष प्रतिबद्ध अछि ।

७.५.२ दुनु पक्ष जनताक खाद्य सुरक्षासम्बन्धी हकक सम्मान एवं प्रत्याभूति करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि । खाद्यवस्तु, खाद्य उत्पादन, खाद्यान्नक प्रयोग, एक ठामसँ दोसर ठाम ल८ जाएब तथा वितरण कार्यमे कोनो हस्तक्षेप नहि कएल जेबाक सुनिश्चितता प्रदान करैत अछि ।

७.५.३ दुनु पक्ष नागरिक स्वास्थ्यसम्बन्धी हकक सम्मान आ संरक्षण कएल जेबाक चाही ताहि बातकेँ आत्मसात करैत अछि । दुनु पक्ष दबाईक आपूर्ति, सहायता एवं स्वास्थ्यसम्बन्धी अभियानमे वाधा नहि पहुँचाओत आ द्वन्द्वक कारणसँ घाहिल भेल व्यक्तिसभक औषधोपचार करब एवं पुनर्स्थापन कार्य करबालेल प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि ।

७.५.४ दुनु पक्ष सभकेँ शिक्षासम्बन्धी अधिकारक प्रत्यभूति आ सम्मान कएल जएबाक चाही ताहि बातकेँ आत्मसात करैत शिक्षण संस्थामे उपयुक्त शैक्षिक वातावरण कायम करबालेल प्रतिबद्ध अछि । दुनु पक्ष शिक्षासम्बन्धी हकक उल्लंघन नहि हेबाक बातक सुनिश्चितता प्रदान करबालेल सहमत अछि । शिक्षण संस्थाकेँ कब्जामे लेबाक एवं प्रयोग करबाक आ शिक्षक विद्यार्थीसभकेँ निपत्ता करब या कब्जा या अपहरण करबाक कार्य तत्काल रोकबा लेल आ विद्यालय तथा अस्पतालकेँ असरि पहुँच८बला जगहमे सैन्य व्यारेक नहि रखबाक सहमति व्यक्त करैत अछि ।

७.५.५ कानुनमोताबिकक अलावा ककरो व्यक्तिगत सम्पत्ति जफत या कब्जा नहि कएल जाएत, ताहि बातक लेल दुनु पक्ष सहमति व्यक्त करैत अछि ।

७.५.६ दुनु पक्ष देशमे औद्योगिक वातावरणकेँ नहि विगाडि उत्पादन कार्यकेँ निरन्तरता देबाक लेल, औद्योगिक प्रतिष्ठानमे सामूहिक सौदावाजीक हक एवं सामाजिक सुरक्षाक सम्मान करबालेल, औद्योगिक प्रतिष्ठान आ श्रमिकबीच कोनो समस्या उत्पन्न भेलापर ओकरासभकेँ शान्तिपूर्ण रूपमे समस्याक समाधान करबालेल प्रेरित करबाक बातमे विश्वास करैत अछि आ अन्तर्राष्ट्रिय श्रम संगठनद्वारा तय कएल गेल काजक अधिकारक सम्मान करैत अछि ।

### ७.६ महिला तथा बालबालिकाक अधिकार

७.६.१ दुनु पक्ष महिला तथा बालबालिकाक अधिकारसभक विशेष संरक्षण करबालेल, कोनो प्रकारक यौनजन्य शोषण तथा दूर्व्यवहारलगायत महिला तथा बालबालिकाविरुद्ध होबऽबला बालश्रमलगायतक सभतरहक हिंसात्मक कार्यसभक उपर तत्काल रोक लगेबा लेल आ १८ वर्ष या ताहिसँ निचाक धीयाऽपूताकेँ कोनो सैन्यवलमे समावेश वा उपयोग नहि करबालेल पूर्णरूपमे सहमत अछि। एहि प्रकारेँ प्रभावित बालबालिकासभकेँ तुरत्त उद्धार कएल जाएत आ ओकरासभक पूनर्स्थापनाक लेल आवश्यक आ यथोचित सहयोग प्रदान कएल जाएत।

### ७.७ वैयक्तिक स्वतन्त्रताक अधिकार

७.७.१ दुनु पक्ष आस्था आ विचारक स्वतन्त्रता, वाक तथा प्रकाशन स्वतन्त्रता, शान्तिपूर्वक आ बिनाहाथहथियार एकत्रित भऽ सकबाक स्वतन्त्रता, आवागमनक स्वतन्त्रता, अपन राजीखुसी पेशा आ व्यवसाय करब, सम्पत्ति आर्जन आ भोगचलन करबाक स्वतन्त्रता, शान्तिपूर्ण राजनीतिक क्रियाकलापमे सहभागी हेबाक स्वतन्त्रता, कानुनक नजरिमे सभ समान हएत आ सहिष्णुतापूर्ण न्याय व्यवस्था सञ्चालन करब आ करेबालेल सहमत अछि।

## ८. मतभेद निरूपण तथा कार्यान्वयन संयन्त्र :

८.१. दुनु पक्ष विगतमे भेल त्रुटिसभकेँ भविष्यमे नहि दोहरेबाक आ क्रमिकरूपमे ठीक करैत लऽ जेबाक तरिकासँ वैयक्तिक एवं सामूहिकरूपमे उत्तरदायी हेबाक सहमति व्यक्त करैत अछि।

८.२ राष्ट्रिय शान्ति तथा पुनर्स्थापना आयोग शान्ति अभियानकेँ सफल बनेबालेल आवश्यकतानुसार संयन्त्रसभक निर्माण कऽसकैत अछि। आयोगक गठन आ कार्यविधि अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्द्वारा तय कएल गेल मोताबिक हएत।

८.३ दुनु पक्ष वर्तमान आ भविष्यमे भऽ सकऽबला सभतरहक पारस्परिक मतभेद या समस्याकेँ आपसी सम्वाद, समझदारी, सहमती तथा वार्ताक माध्यमसँ समाधान करबालेल प्रतिबद्ध अछि।

८.४ ई सम्झौता अन्तरिम संविधान तथा सात दल एवं नेपाल सरकार आ नेकपा (माओवादी)क बीच भेल सभ निर्णय सहमती आ समझदारीसभ कार्यान्वयन करबालेल अन्तरिम मन्त्रिपरिषद् राष्ट्रिय शान्ति तथा पुनर्स्थापनासम्बन्धी उच्चस्तरीय सुझाव आयोगलगायत आवश्यकताअनुसारक अन्य संयन्त्रसभ गठन तथा ओकरासभक कार्यविधि निर्धारण कऽ सकत ताहिलेल दुनुपक्ष प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि।

## ९. कार्यान्वयन तथा अनुगमन

ई सम्झौतामे उल्लेख कएल गेल सहमती कार्यान्वयन तथा तकर अनुगमनक लेल निम्न व्यवस्था करबाहेतु दुनु पक्ष सहमत भेल अछि ।

९.१ दुनु पक्ष संयुक्त राष्ट्र संघीय मानव अधिकार उच्चायुक्तक नेपालस्थित कार्यालयद्वारा एहि सम्झौतामे उल्लेखित मानवअधिकारसम्बन्धी प्रावधानसभक अनुगमनक कार्यकेँ निरन्तरता देल जेबाक लेल सहमत अछि ।

९.२. पूर्व प्रेषित पाँच बुँदे पत्र आ एहि सम्झौतामे उल्लेख भेल अनुसार सैन्य तथा हथियार व्यवस्थापनक अनुगमन संयुक्त राष्ट्रसंघक नेपालस्थित मिशनद्वारा करेबालेल दुनु पक्ष सहमत अछि आ एहि कार्यमे सहयोग करबालेल प्रतिबद्धता व्यक्त करैत अछि ।

९.३ दुनु पक्ष संयुक्त राष्ट्र संघद्वारा संविधानसभाक निर्वाचनक पर्यवेक्षण करेबालेल सहमत अछि ।

९.४. राष्ट्रिय मानव अधिकार आयोगद्वारा कानुनमोताबिक निर्वाह कएल जाएबला दायित्वक संगाहि एहि सम्झौतामे उल्लेख कएल गेल मानव अधिकार अनुगमनसम्बन्धी कार्यसभ सेहो सम्पादन कएल जाएत । आयोग अपन कार्य सम्पादन करबाक क्रममे मानव अधिकारसम्बन्धी राष्ट्रिय तथा अन्तर्राष्ट्रिय संघ संस्थासँ आवश्यक समन्वय कऽ सहयोग लऽ सकैत अछि ।

९.५ उपर उल्लेख सभ निकायद्वारा देलगेल प्रतिवेदनसभ ग्रहण करब, अनुरोध कएल गेल सूचनासभ उपलब्ध कराएब तथा ओ निकायसभद्वारा देलगेल सुझाव तथा सिफारिससभ कार्यान्वयन सहमती आ छलफलक आधारपर करेबालेल दुनु पक्ष सहमत अछि ।

## १० विविध

१०.१ कात्तिक २२ गतेक निर्णयक मर्म आ शान्ति सम्झौताक भावनाअनुरूप सरकार या राज्य संयन्त्रक कोनो क्षेत्रमे समानान्तर या अन्य स्वरूपक संयन्त्र सञ्चालन नहि करबालेल दुनु पक्ष सहमत अछि ।

१०.२ दुनु पक्ष प्रस्तुत् सम्झौताक कार्यान्वयनक लेल आवश्यकतानुसार अन्य पुरक सहमतीसभमे हस्ताक्षर करबालेल मञ्जुर अछि ।

१०.३ दुनु पक्षक सहमतिसँ प्रस्तुत् सम्झौतामे कखनहुँ संशोधन कएल जा सकैए । संशोधन कऽ चाही तँ ताहिसम्बन्धी लिखित सूचना दोसर पक्षकेँ प्रदान करबालेल दुनु पक्ष सहमत अछि । एहि प्रकारेँ सूचना प्राप्त भेलाक बाद दुनु पक्षक सहमतिसँ संशोधन कएल जा सकैए । एहन संशोधनसँ होबऽबला व्यवस्था मान्यताप्राप्त न्यूनतम अन्तर्राष्ट्रिय मानव अधिकार, मानवीय कानुनक मापदण्ड तथा शान्ति स्थापनाक मूल मर्मसँ न्यून नहि हएत ।

१०.४ ई सम्झौताक कोनो व्याख्यामे कोनो विवाद उत्पन्न भेलापर ई सम्झौताक

प्रस्तावना आ अनुसुचिमे संलग्न दस्तावेजसभक आधारपर दुनु पक्ष सम्मिलित संयुक्त संयन्त्र व्याख्या करत आ ई व्याख्या अन्तिम हएत ।

१०.५. अन्तरिम व्यवस्थापिका -संसद गठन भेलाकबाद सम्झौतामे उल्लेखित 'दू पक्ष' क अवधारणा तथा स्थिति स्वतः समाप्त भऽ जाएत । एकरबाद एहि सम्झौतामे उल्लेखित सम्पूर्ण अभिभाराक कार्यान्वयन करब आ करेबाक दायित्व अन्तरिम मन्त्रिपरिषद्द्वारा व्यवस्था कएल गेल मोताबिक हएत । सम्झौताक पालन तथा कार्यान्वयनमे सहयोग पहुँचाएब सभ राजनीतिक दलक कर्तव्य तथा जिम्मेदारी हएत ।

१०.६ सम्पूर्ण देश संविधानसभाक निर्वाचनक मुख्य अभियानमे केन्द्रित भऽगेल एहि समयमे अपन समस्या आ मागसभकेँ सम्वाद आ वार्ताक माध्यमसँ समाधान करब तथा संविधानसभाक निर्वाचन तथा शान्ति सुरक्षाक स्थितिकेँ सहयोग करबालेल सभकेँ हार्दिक अनुरोध करैत छी ।

१०.७ सत्रस्त्र द्वन्द्वकेँ अन्त करैत संविधानसभाक निर्वाचनद्वारा नया लोकतान्त्रिक नेपालक निर्माण तथा सुदृढ एवं टिकाउ (दिगो) शान्ति स्थापनाक ई ऐतिहासिक अभियानमे सक्रिय सहभागिता दर्ज करा सफल बनेबाक लेल नागरिक समाज, पेशागत समुदाय, जनवर्गीय संगठनसभ, पत्रकार जगत, बुद्धिजीवीसभ आ आम नेपाली जनसमुदायकेँ हार्दिक अपील करैत छी ।

१०.८ पूर्ण लोकतन्त्र आ शान्ति स्थापनाक एहि अभियानमे सभ मित्र राष्ट्रसभ तथा संयुक्त राष्ट्र संघलगायत अन्तर्राष्ट्रिय समुदायकेँ नेपालकेँ सहयोग करबालेल हार्दिक आग्रह अछि ।

देश आ जनताक भविष्यक प्रति जिम्मेदारी वोध करैत आ एहि विस्तृत शान्ति सम्झौताप्रति पूर्ण प्रतिबद्ध रहैत हमरासभ नेपाल सरकार आ नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (माओवादी) क दिसिसँ हस्ताक्षर कऽ ई विस्तृत शान्ति सम्झौता सार्वजनिक करैत छी ।

| | |
|---|---|
| प्रचण्ड | गिरिजाप्रसाद कोइराला |
| अध्यक्ष | प्रधानमन्त्री |
| नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (माओवादी) | नेपाल सरकार |

हस्ताक्षर तिथि २०६३/८/५